

KATRE VENDIS (90) APATMAN POU MOUN KI GEN YON REVNI LIMITE

Majistra a, Katjana Ballantyne kontan pou anonse lokasyon Katrevendis (90) apatman pou moun ki gen yon revni limite nan Prospect Union Square, ki sitye nan
20 – 50 Prospect Street





TAB MATYÈ

Entwodiksyon.....	3
Deskripsyon batiman ak inite yo.....	3
Ki restriksyon ki genyen sou elijibilite a ?	4
Kisa ki konsidere kòm yon menaj oswa yon fanmi ?.....	4-5
Kisa egzijans elijibilite revni yo ye ?.....	5
Kisa ki konsidere kòm revni ?.....	5-6
Kisa yon limit byen ye ?.....	6
Èske m ka fè yon demann si m gen yon kay deja ?.....	6
Ki siyifikasyon yon preferans epi kòman mwen fè yon demann ?.....	7
Kisa yon fòmilè demann konplè ye ?	8
Dat limit la epi kòman soumèt yon demann.....	8
Kòman m pral fè konnen si yo te resevwa demann mwen an ?.....	9
Kilè tiraj osò a ye ?.....	9
Kòman m pral fè konnen pozisyon mwen sou lis atant tiraj osò a ?.....	9
Kisa ki rive si m seleksyone nimewo 1 nan tiraj osò a ?.....	9
Kisa yon sètifikasyon revni egzije ?.....	10

<i>Detèminasyon elijibilite a</i>	<i>11-</i>
<i>12</i>	
<i>Kisa pou m fè si m pa dakò ak detèminasyon elijibilite a</i>	
<i>?.....</i>	<i>12</i>
<i>Ki restriksyon ki genyen sou inite sa yo ?</i>	<i>12</i>
<i>Kalandriye ak dat enpòtan.....</i>	<i>13</i>
<i>Demann anvan tiraj osò a pou soumèt.....</i>	<i>14-22</i>

Entwodiksyon

Biwo Lameri de Planifikasyon Estratejik ak Devlopman Kominotè (OSPCD) an kolaborasyon ak Maloney Properties, Inc. ak Union Square RELP D2.2 Owner, LLC kontan pou anonse lokasyon katrevendis (90) apatman pou moun ki gen yon revni limite bay fanmi ki elijib nan yon pri ki pi ba pase pri sou mache a atravè **Pwogram Lòjman Enklizif** vil la. Yo pral ofri inite sa yo bay fanmi ki gen yon revni brit anyèl nan kategori R1 ki pa depase 50 % nan montan Revni Medyàn Rejyon an (AMI), ki ant 51% ak 80% nan AMI la nan yon kategori pri R2 oswa ki ant 81% ak 110% pri AMI la nan kategori R3. Gen yon tablo elijibilite selon revni ki nan Paj 5. Gade paj 6 ak 7 pou preferans yo.

Apatman sa yo gen restriksyon sou pri yo pou tout tan pou fanmi ki elijib yo epi yo soumèt ak sètifikasyon revni anyèl. Lokatè yo dwe siyen yon liberasyon ak yon kalifikasyon sou lokasyon an pou aksepte restriksyon sa yo epi yo dwe founi yon kòpi bay Vil la chak ane. Gen plis enfòmasyon sou kalifikasyon lokasyon an ak restriksyon yo nan Paj 12.

Konsilte www.ProspectUnionSquareLottery.com pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan opòtinite sa a.. Pou plis enfòmasyon konsènan opòtinite ki genyen nan kad Pwogram Lòjman Enklizif vil Somerville la, konsilte : www.somervillema.gov/inclusionaryhousing.

Dirije kesyon w genyen sou pwogram nan bay Pèsonèl Maloney Properties yo (kritè elijibilite yo, pwosedi demann yo, elatriye) : (617) 639-3064 Ekstansyon 785 oswa ProspectUnionSquare@MaloneyProperties.com pou yon repons ki pi rapid.

Gen fòmilè demann ki disponib sou papye epi sou fòm elektwonik nan lokal sa yo :

- <http://www.ProspectUnionSquareLottery.com>
- Pral gen kòpi fòmilè demann sou papye disponib nan Anèks Lameri ki sitye nan 50 Evergreen Ave., Somerville ; Lameri a ki sitye nan 93 Highland Ave., Somerville ; epi tout branch Bibliyotèk Piblik Somerville yo.

Deskripsyon Batiman/Inite yo

Prospect Union Square sitye nan 20 Prospect Street ak 50 Prospect Street nan Union Square, Somerville. Konplèks la pral gen de (2) batiman ladan l : imèb mwayèn nan ak imèb ki pi wo a, ki pral 450 apatman ladan l an total. 20% nan tout apatman yo (90 inite) dezinye kòm pri abòdab. Ou pa ka gen yon ko-siyatè pandan etablisman yon kontra lokasyon.

kantite inite	Tay inite yo	Kantite pye kare	AMI	Lwaye*	kantite inite ki fèt pou moun ki gen mobilite limite
10	Stidyò	449-486	50 %	\$1,072 - \$1,154	1
11	1 chanm	524-763	50 %	\$1,092 - \$1,205	3
7	2 chanm	840-880	50 %	\$1,228 - \$1,373	2
6	3 chanm	978-1,191	50 %	\$1,359 - \$1,536	-
9	Stidyò	405-553	51 % - 80 %	\$1,415 - \$1,497	-
13	1 chanm	524-763	51 % - 80 %	\$1,461 - \$1,574	3
7	2 chanm	840-918	51 % - 80 %	\$1,674 - \$1,819	1
5	3 chanm	978-1,135	51 % - 80 %	\$1,865 - \$2,042	-

8	Stidyo	425-453	81 % - 110 %	\$1,803 - \$3,212	-
8	1 chanm	524-763	81 % - 110 %	\$1,735 - \$3,175	1
3	2 chanm	840-954	81 % - 110 %	\$1,889 - \$3,902	1
3	3 chanm	978-1,023	81 % - 110 %	\$2,231 - \$4,185	-

**Tout fakti yo se lokatè a ki pou peye yo.*

Lwaye pou inite 110% AMI yo baze sou revni familyal la. Nan tablo ki pi wo a, w ap wè lwaye pi ba/pi wo ki posib baze sou 1 a 2 moun nan yon inite Stidyo, 1 a 2 moun nan yon inite 1 chanm epi 2 a 4 moun nan yon inite 2 chanm.

Gen frè ak egzijans aplikab pou pwopriyete sa a (ki enkli ansanm ak lwaye a) :

Kou inisyal yo : Premyè mwa lokasyon an ak depo garanti a.

Egzijans depistaj pou lokatè :

- Yo pral refize demandè yo si yo gen nenpòt nan kritè sa yo :
 - Echèk otomatik : Koleksyon lokasyon ki depase \$1,500 (2zan)
 - Kondisyonèl : koleksyon lokasyon ki depase \$500 epi ki mwens pase \$1,500 (2zan)
 - Lwaye pa rapò ak revni : 2.0x
 - Degèpisman
 - Ranplisaj : plis pase 4 = kondisyonèl
 - Jijman : echèk (ekskli \$0)
 - Ranvwa : inyore
 - Filt pou kalandriye a : 2zan
 - Istorik lokasyon : Plis pase 3 lwaye anreta = kondisyonèl

Demandè ki apwouve yo pral peye yon Depo Garanti de \$500. Demandè ki apwouve ak kondisyon pral peye yon

depo garanti ki egal ak kòb lwaye yon mwa.

Asirans lokatè : Menmsi se pa yon obligasyon pou achte asirans lokatè, nou rekòmande pou lokatè a achte yon plan asirans lokatè. Pri yo gen dwa varye men nòmalman li mwens pase \$200 chak ane nan MA pou yon kouvèti ki rive nan montan \$20,000-\$30,000

Ki restriksyon ki genyen sou elijibilite a ?

- Okenn fanmi ni revni konvenyans ;
- Ou pa gen dwa gen yon kay oswa enterè nan yon kay Ozetazini ni aletranje ;
- Kantite minimòm moun ki nan kay la ;
- Limit revni anyèl brit minimòm ak maksimòm ;
- Kantite byen maksimòm ; AK
- Okenn nan Chèf kay (yo) pa gen dwa yon etidyan aprentan epi li dwe verifye eta li a dirèk ak etablisman an nan moman sètifikasyon revni an ; Gen restriksyon ki aplike pou etidyan doktora.

Kisa ki konsidere kòm yon menaj oswa yon fanmi ?

- Yon « menaj » enkli tout moun ki pral viv nan yon apatman. Yon Menaj gen ladan tibebe, timoun, adolesan ak granmoun, *kit yo gen kapasite pou touche oswa resevwa yon revni ou non ;*
- Nan moman sètifikasyon revni an, manm yon menaj ki pa fanmi k ap fè yon demann ansanm dwe founi yon verifikasyon ke y ap viv ansanm ak tout manm nan kay la jiska dat **12 jiyè 2023** ;
- Yon kay ki gen SÈLMAN etidyan aprentan (ki enkli etidyan doktora) ladan l pa elijib pou fè yon demann ;
- Demadè yo pa gen dwa soumèt plizyè demann antanke yon manm nan plizyè menaj/kay ;

- Yon timoun ki pa fèt konsidere kòm yon manm nan menaj la si manman an nan twazyèm (3yèm) trimès gwosès li nan moman tiraj osò a.
- Minè ki anba responsablite pataje konsidere kòm manm nan menaj la si y ap viv ansanm ak demandè a pandan omwen 50 % nan ane a. Depandan granmoun k ap asiste inivèsite antanke etidyan apentan yo konsidere kòm manm nan menaj la.

Koup ki marye legalman an pral konsidere toulede kòm manm nan menaj la, menm si yo separe. Sepandan, nan sityasyon kote yon manm nan kay la marye legalman ak yon konjwen ki absan nan kay la (kit li ofisyèlman divòse oswa separe) epi konjwen ki absan an p ap demenaje vin nan kay enklizif la, demandè a dwe founi yon verifikasyon aktyèl : (1) si l divòse, yon kòpi de dekrè divòs la ; (2) si l pa divòse, yon kòpi akò separasyon an ; (3) si demandè a pa gen dokiman pou nimewo 1 oswa 2 a, li dwe bay yon dokiman ki montre ke y ap viv nan de (2) adrès diferan (tankou kòpi kontra lokasyon pa yo). Kote pa gen yon dokiman ki montre ke w ap rezide nan yon adrès separe, yon afidavi ki notarye nan men toulede pati yo (oswa yon pati si li danjere oswa enposib pou toulede pati yo fè sa) ki montre ke yo separe epi ke yo pral viv nan de (2) adrès diferan apati yon dat byen detèminen. San okenn nan verifikasyon pi wo yo, ansyen konjwen an pral konsidere kòm yon pati nan menaj la epi revni ak byen li yo pral kontwole nan detèminasyon elijibilite revni an, menm si yo pa konte viv nan apatman an.

Verifikasyon nan men yon doktè k ap trete yon fanm ki montre li nan (3^{yèm}) trimès, verifikasyon eta li antanke etidyan apentan, aranjman pou pataj responsablite yon timoun oswa dokiman ki montre separasyon/rezidans separe pral obligatwa nan moman sètifikasyon revni an.

Kisa egzijans elijibilite yo ye ?

Pou w ka elijib sou baz revni w pou louwe yon apatman atravè Pwogram Lòjman Enklizif la, revni brit anyèl yon menaj dwe reponn ak liy direktris ki enimere pi ba yo nan tablo Egzijans Nivo Revni Brit Anyèl, ajiste pou kantite moun ki nan kay la. Egzijans minimòm yo pa nesèsè pou menaj ki gen mwens ke 50% AMI oswa 80% AMI epi k ap resevwa sibvansyon lokasyon atravè pwogram tankou Seksyon 8. Menaj la dwe endike nan yon demann ke l gen yon bon pou lokasyon an epi li dwe founi yon verifikasyon de bon an nan moman sètifikasyon revni an. Tanpri gade tablo elijibilite revni a nan paj swivan an :

Egzijans Revni Anyèl Brit* Ajiste selon tay menaj la				
Kantite moun ki nan kay la	Revni minimòm Kategori R1 (50% AMI)		Kategori R1 (50% AMI)	Kategori R2 (80% AMI)
1	Stidyo	\$32,160	\$51,950	\$51,951 - \$82,950
2			\$59,400	\$59,401 - \$94,800
3	1 chanm	\$32,160	\$66,800	\$66,801 - \$106,650
4	2 chanm	\$36,840	\$74,200	\$74,201 - \$118,450
5			\$80,150	\$80,151 - \$127,950
6	3 chanm	\$40,770	\$86,100	\$86,101 - \$137,450

*Egzijans revni minimòm yo anile pou menaj ki gen yon bon lokasyon mobil (Seksyon 8, MRVP, VASH elatriye)

Egzijans Revni Anyèl Brit Ajiste selon tay menaj la	
Kantite moun ki nan kay la	Kategori R3 (81%-110% AMI)
1	\$82,951 - \$114,268
2	\$94,801 - \$130,592
3	\$10,6651 - \$146,976
4	\$118,451 - \$163,240
5	\$127,951 - \$176,299

Kisa ki konsidere kòm revni ?

Revni defini kòm tout montan, monetè oswa pa monetè, ki ale jwenn oswa ki resevwa sou non nenpòt manm nan menaj la, menm si manm fanmi an absan tanporèman. Revni an enkli tout montan antisipe atravè pwoche 12 mwa yo apati moman yon sètifikasyon revni. Enfòmasyon revni ki founi nan moman yon sètifikasyon revni pral jije kòm vre pandan pwochen 12 mwa sòf si gen yon sous verifikasyon ki endike yon lòt bagay. Revni an gen ladan l tout enterè ki akimile sou byen nenpòt manm nan menaj la gen aksè. Se responsablite demandè a pou divilge chanjman antisipe nan revni li kòmsadwa.

Egzanp revni enkli men pa limite ak lajan ki touche nan yon djòb oswa yon anplwa endepandan ki enkli kòb ki touche nan yon evènman/okazyon inik tankou salè de yon vant objè lakay ou epi vant zèv atisitik, swen timoun ; Kanpay Kèt Fon (Go Fund me, Crowd Source, elatriye) ; Avantaj chomaj ; Avantaj pansyon/sekirite sosyal/andikap ; pansyon enfòmèl oswa fòmèl pou sipòte yon timoun (ki resevwa oswa ke w dwe) ; èd nan men fanmi/zanmi ; lanse oswa fèmen yon biznis.

Egzanp de chanjman antisipe nan revni enkli men pa limite ak travay sezonnyè, chanjman nan èdtan ou te travay, ogmantasyon, boni, salè pou lè anplis, ajisteman pou kou de vi (COLAS), komisyon, si w jwenn oswa pèdi yon sous revni, si w jwenn oswa pèdi kliyan.

Pou manm nan menaj la k ap travay sou yon baz endepandan : Manm nan menaj la ki se anplwaye endepandan (k ap kondwi pou aplikasyon taksi yo, atis/mizisyen, mèt biznis, elatriye) dwe ranpli yon Deklarasyon Pwofi/Pèt pou chak biznis nan moman yon sètifikasyon revni. Deklarasyon Pwofi/Pèt la dwe endike revni anplwa endepandan mwa pa mwa epi depans biznis IRS la kite w dedwi yo pou yon peryòd 12 mwa *avnan* moman sètifikasyon revni an **EPI** yon Deklarasyon Pwofi/Pèt pou 12 mwa ki *swiv* dat sètifikasyon revni a ki montre mwa pa mwa revni biznis *antisipe a* epi depans biznis IRS pèmèt ou dedwi yo. Pou chak depans biznis dediktib ke w deklare, gen yon verifikasyon ki nesèsè pou apiye l (kontra, resi, verifikasyon peman, fakti ki peye, elatriye). Verifikasyon yo dwe reponn ak dediksyon mansyèl ki afiche nan Deklarasyon Pwofi/Pèt yo. Manm ki nan kay la dwe esplike oswa montre kòman yo te arive fè dediksyon mansyèl pa yo alekri.

Kisa yon limit byen ye ?

Limit byen maksimòm nan fikse nan \$75,000 byen likid, ki ekskli plan retrèt, sante ak epay pou inivèsite. Limit byen sa a aplike pou tout manm nan menaj la epi l gen ladan l tout byen oswa enterè komen ke yo genyen Ozetazini oswa aletranje. **Tout byen de tout manm menaj la dwe divilge nan demann ki soumèt anvan tiraj osò a epi deklarasyon konplè** pou twa (3) mwa ki pi resan pou **tout kont** dwe founi nan moman yon sètifikasyon revni fèt. Byen ke demandè (yo) genyen men ke yo pa kapab itilize oswa aksede toujou konsidere kòm byen epi yo dwe founi yon deklarasyon pou byen sa yo. Nan ka kote yon kont te fèmen resaman, ou dwe bay yon verifikasyon ki montre sa a. **Demandè yo dwe divilge tout kont yo genyen an komen ak yon konjwen/manm nan menaj yo a ki absan nan fòmilè demann nan.**

Egzanp byen yo enkli men yo pa limite ak : Kont epay/kouran ; CD ; fon komen plasman ; kont investisman ; IRA ; 401K ; 457B ; 403B ; obligasyon ; monè nimerik (Bitcoin, elatriye) ; aplikasyon peman (Venmo/Paypal, Square, elatriye) ; asirans vi ; fon kominotè ; platfòm kèt fon (Go Fund Me, elatriye) ; lajan efektif sou lamèn, byen imobilye, nenpòt investisman ou genyen aletranje, elatriye.

Si w pa divilge tout revni ak byen ou genyen kounyeya oswa ke w konte genyen, sa gen dwa fè w pran yon detèminasyon inelijibilite nan moman sètifikasyon revni an.

Èske m ka fè yon demann si m gen yon kay deja ?

Demandè ki gen byen oswa enterè nan yon pwopriyete inelijib pou yon apatman pri redwi pou moun ki gen revni limite sòf si yo pral vann kay yo epi yo fin vann li anvan sètifikasyon revni an fini an. Lajan ke w touche nan vant pwopriyete dwe konte nan kalkil limit byen an epi l dwe dokimante nan yon sètifikasyon revni. Menaj yo pa gen dwa lwe yon apatman pou revni limite si yo pòko vann kay la anvan dat sètifikasyon revni a fèt - nan ka sa a, menaj la p ap elijib pou resevwa yon Lèt Pwosè epi y ap mete l nan fen lis atant tiraj osò a.

Ki siyifikasyon yon preferans epi kòman mwen fè yon demann ?

Si w ap viv oswa travay nan Somerville aplentan, ou gen dwa kalifye pou yon preferans nan tiraj osò sa a. **Pou resevwa yon preferans, yon menaj dwe endike nan yon demann anvan tiraj osò a ke y ap viv oswa travay nan Somerville aplentan** epi yo pral verifye dokiman aktyèl pou reklamasyon elijibilite pou preferans nan moman ke yo fè sètifikasyon revni a. Verifikasyon an dwe ajou (mwens ke 30 jou) nan moman dat limit pou soumèt demann yo. Menaj ki soumèt yon demann ak yon preferans epi ki pa nan mezi pou founi dokiman ki nesèsè pou verifye elijibilite yo pou yon preferans pral plase nan fen tout lis atant yo.

Si w elijib pou yon preferans, ou pral gen yon pi gran chans pou yo chwazi w nan 1ye plas la pou resevwa yon apatman nan tiraj osò a oswa w ap pi wo nan lis atant lan pou jwenn yon kay. Menaj/fanmi k ap viv kounyeya oswa ki gen egzijans pou yo travay fizikman aplentan (32 èdtan oswa plis) anndan limit vil Somerville yo gen dwa resevwa yon preferans. Preferans pou rezidan Somerville ak pou moun k ap travay nan Somerville yo egal ego. Demandè yo p ap resevwa yon preferans ki pi gran si yo viv epi travay nan Somerville an menm tan. Dire rezidans oswa anplwa w nan Somerville ap gen yon enpak sou preferans yo.

Menaj/fanmi ki pa elijib pou yon preferans gen dwa aplike kanmèm epi yo pral plase yo aprè menaj ki gen preferans nan lis atant lan. Depi yon lokatè kite youn nan apatman yo, menaj/fanmi ki sou lis atant yo gen dwa gen yon chans pou sètifye revni yo a pou jwenn yon apatman. Maloney Properties pa ka detèmine chans pou yon moun antre nan yon apatman paske nou pa ka konnen kantite demann total ke nou resevwa ak pousantaj demandè ki gen yon preferans jiska dat limit la. Menaj/fanmi yo ankouraje pou yo etidye opòtinite ki genyen nan vil kote y ap viv oswa travay pou jwenn yon kay revni limite si pwogram sa yo ofri yon preferans pou moun k ap viv/travay nan vil la.

Nou pral akòde yon preferans egal ego pou demandè ki bay yon verifikasyon ki montre yo swa *ap viv*, swa *ap travay aplentan nan Somerville (omwen 32 èdtan pa semèn)*. **Dat sou dokiman preferans yo pa dwe depase 30 jou anvan dat limit demann nan.** Pi ba a w ap wè dokiman ki akseptab pou w ka resevwa yon preferans nan Somerville.

Prè rezidans lan gen dwa enkli :

- Yon kontra lokasyon aktyèl ki siyen ; **OUBYEN**
- Yon lèt notarye nan men yon pwopriyete ki konfime ke l posede kay la epi ke demandè a se yon lokatè nan kay la ; **OUBYEN**
- Yon fakti dlo, kouran, gaz, elatriye avèk yon dat aktyèl. Pa itilize dat fakti a dwe peye a ; **OSWA**
- Yon relve bankè/kat kredi/fakti televizyon ki gen yon adrès Somerville sou li ak yon dat aktyèl ; **OUBYEN**
- Yon kat elektoral ki montre ke w enskri pandan dènye 30 jou yo.

Prè anplwa nan vil Somerville gen dwa enkli :

- Yon lèt nan men anplwayè ou ki siyen epi ki gen yon dat sou li ki ekri sou antèt konpayi a ki enkli adrès Somerville kote w ap travay la **EPI kantite èdtan w ap travay chak semèn nan Somerville** ; **OUBYEN** _____

- Yon fich peman ki montre adrès Somerville kote w ap travay EPI kantite èdtan w te travay pandan peryòd peman an..
- Menm si ou gen yon biznis, *sa a pa* vle di ke w ap travay laba. Mèt biznis yo dwe founi yon verifikasyon ke yo se mèt biznis la, yon fakti resan ki konekte non pwopriyetè a ak adrès biznis ki nan Somerville la **EPI** yon fich peman resan ki endike kantite èdtan w te travay **OUBYEN** si fich peman yo pa disponib, yon afidavi notarye ki konfime kantite èdtan w ap travay chak semèn nan biznis Somerville la.

Preferans pou yon travay nan Somerville pa gen dwa fèt pou yon menaj/fanmi ki founi yon espas ko-travay antanke verifikasyon anplwa yo a nan Somerville.

VERIFIKASYON PREFERANS YO DWE KONPLÈ EPI YO DWE GEN TOUT PAJ YO LADAN

Kisa yon fòmilè demann konplè ye ?

Se SÈLMAN demann ki konplè epi elijib ki enkli nan tiraj osò a. Pèsonèl Maloney Properties yo gen dwa revize demann yo pou asire ke yo konplè epi bay èd, men se responsablite demandè a pou l soumèt yon demann konplè. Demann ki soumèt nan mwens ke yon (1) semèn anvan dat limit pou demann yo gen dwa pa revize oswa pa gen yon chans pou yo mete yo ajou. Yon aplikasyon konplè gen ladan l :

1. Tout kesyon ki sou fòmilè demann nan reponn. Demandè yo dwe ekri "N/A" oswa mete yon tire sou kesyon ki pa aplikab yo. Ou pa dwe kite okenn kesyon sou fòmilè demann nan vid. Yo pral kenbe kontak avè w atravè imèl si menaj/fanmi an gen yon adrès imèl oswa pa lapòs nòmal si menaj/fanmi an pa gen yon adrès imèl. Yo pral fè demandè yo konnen anvan tiraj osò a pa ekri si demann pa yo manke konplè oswa si yo pa elijib pou yon lòt rezon. Se sèlman demandè ki soumèt demann pa yo plis pase 5 jou anvan dat limit aplikasyon an ki pral gen yon chans pou yo mete demann yo a ajou si yo twouve ke l manke konplè oswa ke yo pa elijib ;
2. Menaj/fanmi an dwe deklare tout byen ak revni yo genyen (ak tout chanjman yo) pandan pwochen 12 mwa yo ;
3. Demann nan dwe siyen nan dènyè paj la pa tout manm ki nan menaj la ki gen omwen 18 lane ;
4. Non, adrès imèl ak nimewo telefòn demandè a dwe ekri epi yo dwe lizib ;
5. Menaj/fanmi yo dwe endike elijibilite yo pou preferans sou fòmilè demann nan. Preferans pou verifye nan moman sètifikasyon revni an ; Epi
6. Menaj/fanmi yo dwe endike ke yo gen yon bon pou lokasyon sou fòmilè demann nan. Verifikasyon an pral egzije nan moman yon sètifikasyon revni.

Dat limit la epi kòman pou soumèt yon demann

Dat limit pou soumèt yon demann konplè ak elijib pou patisipe nan tiraj osò a se **14h00 nan jou mèkredi 9 jiyè 2023.** Demann yo dwe soumèt anvan dat limit la atravè youn nan manyè sa yo :

- Imèl : OUBYEN
- Voyer l pa lapòs bay Maloney Properties ki sitye nan :

**Maloney Properties, Inc.,
Attn: Prospect Union Square Lottery
27 Mica Lane
Wellesley, MA 02481**

Si w ap voye yon demann pa lapòs, kalkile omwen yon (1) semèn pou l rive nan lapòs pou w ka asire w ke yo resevwa demann ou a anvan dat limit la (pa sèlman dat yo make l ak kache postal la, fòk li rive anvan dat la menm).

AVI :

- Si w voye yon demann nan yon lòt adrès ke ProspectUnionSquare@MaloneyProperties.com nou p ap ka aksepte l.
- Nou p ap aksepte demann ke w voye nan plizyè mòso oswa pa kapti ekran. Pa soumèt menm demann nan plizyè fwa.
- Pèsonèl Maloney Properties yo pral revize demann yo pou asire ke yo konplè nan lòd ke yo resevwa yo. **Se responsablite fanmi/menaj la pou asire ke demann yo konplè epi ke yo founi tout enfòmasyon ki nesèsè kòm sadwa nan moman yo soumèt li a, epi anvan dat limit la avèk tout dokiman ki nesèsè yo.**
- Si w soumèt yon demann ke mwens ke 5 jou travay anvan dat limit pou resevwa demann yo, ou gen dwa p ap gen posiblite pou mete yo ajou lè yo fin revize l.
- Pèsonèl la pral konfime eta yon fwa yo fin trete li, nan lòd ke yo resevwa li.

Kòman m pral fè konnen si yo te resevwa demann mwen an ?

Menaj pou yo enkli nan tiraj osò a pral resevwa yon Nimewo Idantite Inik yon fwa yo fin revize demann nan epi yo jije ke l elijib pou tiraj osò a. Nimewo idantite inik yo sèvi pou kenbe non demandè yo konfidansyèl. Nou pral voye Nimewo idantite inik demandè yo bay yo pa imèl oswa pa apèl telefòn pou moun ki pa gen aksè ak yon imèl.

Kilè tiraj osò a ye ?

Tiraj osò a pral fèt vityèlman sou Zoom anviwon 1 a 2 semèn aprè dat limit pou demann pou patisipe nan tiraj osò a. Tout demandè k ap patisipe yo pral resevwa yon nimewo idantite inik ak enfòmasyon pou yo ka patisipe nan tiraj osò vityèl la anvan tiraj la fèt. Li pa obligatwa pou w asiste tiraj osò a. Tout nimewo idantite inik yo pral site nan lòd ke yo tire yo epi y ap mete yo sou yon lis tiraj osò. Tiraj osò a li menm pral afiche sou sit wèb Maloney Properties.

Kòman m pral fè konnen pozisyon mwen sou lis atant tiraj osò a ?

Maloney Properties pral kontakte moun ki genyen nan tiraj osò a (yo) nan yon delè yon (1) jou pou lanse yon sètifikasyon revni. Menaj/fanmi ki pa resevwa yon mesaj oswa apèl nan men Maloney Properties nan yon delè yon (1) jou pa t seleksyone pou premye plas nan tiraj osò a. Rezilta tiraj osò a pral afiche sou sit wèb lòjman enklizif de Vil Somerville la. Demandè k ap patisipe ki pa t genyen gen dwa konnen plas yo nan tiraj osò a si yo gade sou sit wèb la.

Kisa ki rive si m seleksyone nimewo 1 nan tiraj osò a ?

Demandè ki koresponn ak nimewo idantite inik ki tire an premyè (nimewo 1) nan tiraj osò a pou chak inite pral resevwa yon kontak imedyatman aprè tiraj osò a fini pa telefòn ak imèl oswa pa lapòs estanda. Menaj/fanmi yo gen 5 jou travay apati dat notifikasyon an pou soumèt tout dokiman obligatwa sou preferans, bon pou lokasyon, revni, byen ak Taks Federal ki nesèsè pou verifye preferans ak elijibilite menaj/fanmi an bay Maloney Properties (gen plis detay sou dokiman ki nesèsè yo nan ribrik, Kisa yon Sètifikasyon Revni Egziye, pi ba a. Menaj/fanmi sa a dwe soumèt dokiman revni ki afiche pi ba yo, ki gen ladan l Taks Federal 2023 a, fòmilè W2 yo epi dokiman konplè konsènan revni ak byen yo bay Maloney Properties. **Maloney Properties rezève dwa pou mande plis dokiman sou revni ak byen yo si sa a nesèsè pou fè yon sètifikasyon revni.**

Lè Maloney Properties fin revize enfòmasyon inisyal ke demandè a founi a, pèsonèl la pral kontakte demandè a ak yon premye (1^{ye}) demann pou founi dokiman konplè ki divilge epi verifye tout sous revni ak byen

menaj/fanmi an epi Deklarasyon Taks Federal ki pi resan an. Demann sa a pral soulinye kèk bagay espesifik ki nesèsè pou detèminen elijibilite a. Menaj/fanmi an pral gen senk (5) jou travay apati avi sa a pou soumèt dokiman ki egzije yo. Maloney Properties pral bay demandè yo twa (3) demann konsa aprè sa a. Si menaj/fanmi an pa nan mezi pou founi dokiman ki egzije yo aprè yo fin fè twa (3) demann anplis, epi si yo pa resevwa tout dokiman ki nesèsè pou detèminen elijibilite pa yo, pèsonèl Maloney Properties yo gen dwa konkli ke enfòmasyon ke yo mande a pa t livre nan yon delè ki akseptab oswa ke moun nan pa t fè yon bon jefò pou bay enfòmasyon sa yo. Maloney Properties rezève dwa a pou kanpe sètifikasyon revni an epi ofri opòtinite a bay pwochen menaj/fanmi ki sou lis atant tiraj osò a.

Yo pral kontakte menaj/fanmi nimewo 2 si yo jije ke menaj/fanmi nimewo 1 pa elijib oswa li pa nan mezi pou li siyen kontra lokasyon an. Yo pral gen senk (5) jou travay apati dat avi a sòti a pou soumèt dokiman revni inisyal yo bay Maloney Properties. Menaj/fanmi k ap patisipe nan tiraj osò a ta dwe mete tout dokiman sa yo yon kote byen detèminen anvan tiraj osò a pou pèmèt yo soumèt dokiman yo rapid bay Maloney Properties aprè tiraj osò a. Si gen de (2) apatman ki gen menm limit revni, menaj/fanmi nimewo 1 ak 2 pral resevwa yon notifikasyon imedyatman pou sètifye revni yo a.

Kisa yon sètifikasyon revni egzije ?

Dokiman revni yo enkli men yo pa limite ak :

1. Verifikasyon preferans lan ki fèt nan yon delè (30 jou anvan dat limit la) ;
2. Verifikasyon de yon bon de lokasyon resan, si genyen ;
3. Deklarasyon Taks Federal 2023 yo, tout paj ak fòmilè yo, ki enkli tout W2 ak nenpòt 1099 oswa yon lèt nan men IRS la ki konfime ke w pa t soumèt yon deklarasyon taks. Si w pòko soumèt deklarasyon taks ou pou ane 2023 a, nou pral egzije w bay yon prèv de yon pwolongasyon pou soumèt deklarasyon taks ou epi ou dwe soumèt deklarasyon taks pou ane presedan an. Si Deklarasyon Taks Federal ou enkli fòmilè W2 ke w te resevwa nan men yon/plizyè anplwayè ke w p ap travay avèk ankò, ansyen anplwayè ou a dwe verifye ke yo te tèmnen ou. Lèt sa a dwe ekri sou antèt konpayi a, siyen, li dwe gen dat la sou li, epi l dwe enkli dat dènye jou w nan traay la, si te gen nenpòt peman ann atant epi si konpayi a konte anboche w ankò nan 12 mwa k ap vini yo. **Ou pa dwe soumèt Deklarasyon Taks Etatik.**
4. Twa (3) mwa fich peman konsekitif ki pi resan yo ak/oswa yon lòt dokiman ki pwouve revni w (pansyon pou sipòte yon timoun, pansyon retrèt, avantaj Sekirite Sosyal, paj 5 a 6 pou plis enfòmasyon konsènan revni an). Menaj/fanmi ki seleksyone an premyè plas dwe founi yon deklarasyon pou mwa avril 2023, me 2023 ak jwen 2023 yo. ;
5. Fòmilè verifikasyon anplwa ke anplwaye (yo) siyen ansanm ak enfòmasyon kontak anplwayè a (Maloney Properties pral voye fòmilè a dirèk bay anplwayè yo) ;
6. Deklarasyon tout byen pou twa (3) mwa konsekitif ki pi resan yo pou tout moun nan menaj/fanmi an ki gen ladan l men ki pa limite ak tout kalite kont ki afiche nan Seksyon Byen de Bowchi Enfòmasyon sa a nan paj 6. Menaj/fanmi ki seleksyone nan premyè plas dwe bay yon deklarasyon de byen pa yo pou mwa avril 2023, me 2023 ak jwen 2023 yo. Pou deklarasyon ki sòti chak trimès, ou dwe soumèt deklarasyon pou trimès ki pi resan an. Yon eksplikasyon de depo yo (Maloney Properties pral ba w fòmilè a) pou tout kont byen w yo, ki gen ladan l tout depo ke w pa ka esplik* ;
7. Yon afidavi ki siyen epi notarye ki deklare kantite lajan efektif ou genyen nan men w ;
8. Yon Deklarasyon de Okenn Revni pou granmoun k ap viv nan menaj/fanmi an ki pa touche okenn lajan ki siyen epi notarye pa granmoun ki pa touche anyen an epi chèf menaj/fanmi an. Maloney Properties pral founi Deklarasyon sa a pou w ;
9. Verifikasyon de eta w kòm etidyan ki sòti dirèk nan men etablisman aprantisaj pou manm nan menaj/fanmi an ki gen omwen 18 lane epi ki se etidyan apentant oswa atan pasyèl ;
10. Verifikasyon ke w se pwopriyete yon biznis ;

11. De (2) deklarasyon pwofi ak pèt pou manm nan menaj/fanmi an k ap travay pou tèt yo (sa enkli Lyft ak Uber). Yon (1) deklarasyon pwofi ak pèt dwe divilge revni de yon biznis ki gen ladan l dediksyon elijib selon IRS la pandan dènye douz (12) mwa yo. Dezyèm deklarasyon pwofi ak pèt la dwe divilge revni antisipe a ki enkli depans ou yo pandan pwochen douz (12) mwa yo ;
12. Verifikasyon de si nou te konn ap viv ansanm si gen manm nan menaj la ki pa marye oswa ki pa fanmi ;
13. Verifikasyon de responsablite sou yon timoun minè ; Verifikasyon de yon desizyon divòs ;
14. Verifikasyon de byen imobilye nan kad yon akò vant ;
15. Lameri a gen dwa mande lòt dokiman nan moman sètifikasyon revni an tou.

**Pou chak depo nan deklarasyon kont bankè/lòt byen finansyè ki pa klè (depo lajan efektif, transfè de yon moun ki pa yon manm nan menaj la, elatriye), menaj/fanmi an dwe esplike sous ak nati chak depo.*

PA SOUMÈT DOKIMAN SOU REVNI W AK BYEN W YO NAN MENM MOMAN W SOUMÈT DEMANN OU KI FÈT ANVAN TIRAJ OSÒ A.

Nou sèlman egzije pou w bay enfòmasyon sou revni w, byen w ak deklarasyon taks yo si yo chwazi non pa w nan tiraj osò a.

Detèminezon elijibilite a

Menaj/fanmi yo pral gen chans pou yo seleksyone yon kay ke yo elijib pou yo chwazi sou baz plasman yo nan tiraj osò a pou inite sa a, kategori revni sa a ak kategori preferans sa a. Pa egzanp, yon menaj ki gen de (2) moun ladan l k ap fè yon demann pou yon apatman yon (1) chanm ak yon apatman de (2) chanm, ki gen yon revni ki nan kategori 1 (50% AMI) ki seleksyone kòm premyè plas nan tiraj osò a pral gen premyè opòtinite a pou yo chwazi yon apatman nan pami apatman 1 ak 2 chanm ki disponib pou menaj/fanmi ki gen yon revni nan kategori 1. Lè yo twouve ke yon menaj/fanmi elijib sou baz revni li, Maloney Properties bay li yon Lèt Pwosè ki esplike pwochen etap yo. Yon fwa li sètifye epi l resevwa yon Lèt Pwosè, menaj/fanmi an pral kontakte jesyon pwopriyete a ki pral fè yon verifikasyon kredi ak antesedan kriminel poukont pa yo. Si jesyon imèb la apwouve l, yo pral ofri l yon kontra lokasyon. Se sèlman lè yo fin ofri yon kontra lokasyon epi yo akòde yo sou yon dat pou antre nan kay la nan yon kontra lokasyon ak yon dokiman ki detaye eksklizyon yo, ke lokatè a ta dwe mete pwopriyete aktyèl li a okouran de demenajman li. Lèt Pwosè a pral bay plis enfòmasyon konsènan ajans ki gen dwa ede yo ak depans inisyal yo si gen bezwen (jiska \$3 000 nan èd ak depans inisyal/demenajman sou baz fon ki disponib).

PA mete pwopriyete aktyèl ou a okouran jiskaske nou ofri w yon kontra lokasyon.

Apèl

Detèminezon elijibilite a ki fèt anvan tiraj osò a pa Maloney Properties baze ou prensip swivan sa yo : 1) si w te soumèt yon fòmilè demann ki konplè ; 2) Si kantite moun ki fè pati menaj/fanmi w apwopriye pou Inite ke w ap mande a ; 3) Si w gen yon revni ki nan limit elijibilite estanda pou Inite sa a, baze sou rapò ke menaj/fanmi a endike sou fòmilè demann nan. Divizyon Lòjman an te adopte definisyon « Revni Anyèl » ki nan 24 CFR 5.609 Pati 5 de Depatman Lòjman ak Devlopman Iben Etazini an, ki antisipe revni brit, ki gen ladan l revni de tout kalite byen posede, pandan pwochen 12 mwa yo. Pèsonèl yo fè yon kalkil de done ke menaj/fanmi yo soumèt pou revni manysèl yo a pou yo ka detèminen revni anyèl la, epi yo konpare revni sa a ak limit revni ki elijib pou Inite ke menaj la ap mande a. Se responsablite demandè a pou bay enfòmasyon ki korèk epi pou fin ranpli tout

fòmilè demann nan anvan dat limit la. Si gen yon erè ki te fèt ki te afekte elijibilite demandè a pou patisipe nan tiraj osò a, demandè a gen senk (5) jou travay apati dat yon imèl/ywit (8) jou travay apati dat yon lèt konsènan inelijibilite a pou korije erè/divèjans lan ansanm ak Maloney Properties, epi pou fè sa a li dwe reponn ak imèl la/lèt la. Koreksyon sa a dwe gen ladan l kèk tèm espesifik (pa egzanp, enklizyon sous revni ke w pa resevwa ankò, yon manm nan menaj la ke w te bliye enkli, kesyon ke w te bliye reponn, oswa yon move kalkil ke w te fè). Menaj yo gen dwa fè koreksyon an tou si yo founi yon demann ki mizajou ki gen chanjman yo avèk inisyal demandè a ak dat la.

Afiche detèminezon sètifikasyon tiraj osò/revni an : Yon menaj/fanmi ke yo jije kòm inelijib aprè l fin fè pwosedi sètifikasyon revni an gen dwa pou l konteste detèminezon ¹revni an. Pou lanse pwosedi apèl la, ***demandè a dwe voye yon Demann pou yon Apèl bay Maloney Properties nan yon delè de yon semèn aprè li fin resevwa detèminezon inelijibilite a.*** Yon demann ekri enkli yon demann ki voye pa imèl. Nan demann ekri sa a bay Direktè Divizyon Lòjman an, menaj/fanmi an dwe idantifye nan tèm presi (pa egzanp, enklizyon yon sous revni ke l p ap resevwa ankò, oswa yon erè li te fè nan kalkil yo) konsènan ki pwèn nan detèminezon an ke l ap konteste a. Si yon menaj bezwen plis tan pou idantifye nan tèm presi kisa nan detèminezon ke li vle konteste, menaj la dwe idantifye yon bon kòz pou l mande tan anplis, epi l dwe toujou voye yon avi de entansyon pou somèt yon demann ekri pou yon apèl nan yon delè yon semèn aprè l fin resevwa detèminezon inelijibilite a.

Tandiske se responsablite menaj/fanmi an pou bay Maloney Properties tout dokiman ki gen rapò ak revni epi pou divilge tout revni ke yo konte touche pandan pwochen 12 mwa yo pandan premyè etap nan pwosesis sètifikasyon revni an, si gen lòt dokiman ke fanmi/menaj la ta renmen founi ki nouvo, ki bay yon enfòmasyon ki eklèsi yon pwèn, oswa ki pa t antisipe/ke yo pa t atann, menaj/fanmi an ta dwe deklare sa a nan apèl ekri li a, epi swa enkli dokiman adisyonèl yo nan yon demann apèl, oswa bay yon dat kilè yo kapab founi dokiman sa yo. Se chwa Direktè Lòjman an si l vle aksepte/tann dokiman adisyonèl ; sepandan, yo ta dwe founi dokiman yo san okenn delè ki pa rezonab, paske se lè a k ap mache. Direktè Divizyon Lòjman an pral konsidere demann apèl la ansanm ak nenpòt nouvo enfòmasyon oswa dokiman ki founi pou fè yon desizyon.

Direktè Lòjman an pral fè menaj/fanmi an konn sa nan yon avi ekri ki esplike rezilta de apèl detèminezon revni an, ki enkli rezon yo ak enfòmasyon ki apiye desizyon an, epi dokiman yo te itilize pou pran desizyon an. Yon detèminezon konsa pral fèt nan yon delè 10 jou travay aprè yo fin resevwa tout dokiman apèl yo, epi si yo pa ka fè yon detèminezon nan yon delè 10 jou travay, Direktè Lòjman an pral bay yon rezon ki endike poukisa yo bezwen plis tan, avèk yon estimasyon de konbyen tan anplis yo pral bezwen.

Pandan w ap tann yon desizyon pou apèl ou a, Malonely Properties gen dwa kontinye avanse ak sètifikasyon revni pwochen moun ki sou lis atant lan men yo p ap rive nan yon stad kote demandè k ap mande apèl la pral pèdi opòtinite li a pou louwe oswa achte apatman an (si tout fwa yo ta va deside apèl la an favè li). Ajans sa yo gen dwa kapab ba w yon èd (gratis) avèk pwosedi pou demandè yo fè yon apèl :

Cambridge and Somerville Legal Services (CASLS)

60 Gore Street, Suite 203, Cambridge, MA 02141

Telefòn : (617) 603-2700

Community Action Agency of Somerville, Inc. (CAAS)

66-70 Union Square, Suite 104, Somerville, MA 02143

Telefòn : (617) 623-7370

City of Somerville Office of Housing Stability (OHS), Director Ellen Shachter

50 Evergreen Avenue, 1st floor, Somerville MA 02145

Telefòn : (617) 625-6600 x2580

Yo pral bay demandè a yon kòpi de pwosedi apèl sa a, ki enkli non an, adrès lapòs la ak adrès imèl de Direktè Divizyon Lòjman an, ansanm avèk kominikasyon ekri de Divizyon Lòjman OSPCD konsènan refi inisyal li te bay konsènan elijibilite sou baz revni.

¹ / Vil la te adopte definisyon Pati 5 ki nan « Revni Anyèl la » nan kad 24 CFR 5.609 pou Pwogram zonaj enklizif la.

Ki restriksyon ki genyen sou inite sa yo ?

Chans pou louwe yon apatman pou moun ki gen revni limite ak yon pri ki pi ba ke pri mache a ofri pa Pwogram Lòjman Enklizif Vil Somerville la. Antanke yon apatman enklizif (abòdab/pou revni limite), gen kèk egzijans ak restriksyon elijibilite ki aplike. Ou pral siyen yon « Eksklizyon de Kontra Lokasyon an » chak ane ki dekri restriksyon ki genyen sou apatman an ak responsablite pa w antanke yon patisipan nan pwogram nan. Restriksyon sa yo ap rete an vigè pou apatman an pou tout tan epi y ap aplike pou ou menm ansanm ak tout lòt lokatè ki vin aprè w yo. Anba a, w ap jwenn yon rezime de aspè ki pi enpòtan nan yon Eksklizyon de yon Kontra Lokasyon epi se sèlman pou enfòmasyon w ke nou ba w sa a.

- **Rezidans prensipal :** Inite a dwe rezidans prensipal primè ou ;
- **Eta w kòm etidyan :** Chèf menaj/kay la pa kapab yon etidyan apentan ;
- **Elijibilite revni :** Sètifikasyon revni yo bon pandan yon (1) lane. Li obligatwa pou re-sètifye revni w chak ane pou w ka kontinye louwe yon apatman abòdab. Ou dwe toujou rete elijib sou baz revni w pou w ka kontinye viv nan yon apatman abòdab.
 - Si menaj/fanmi w ap viv nan yon inite Kategori 1 (50% AMI), fanmi w ka ogmante revni nou jiska 140% de 50% nan Revni Medyàn pou Zòn nan. Si revni menaj/fanmi an depase 140% de 50% AMI nan moman yon re-sètifikasyon epi ou ta renmen rete nan yon apatman abòdab toujou, yo pral kalkile kòb lwaye w an fonksyon de yon pri abòdab pou yon menaj/fanmi ki nan 80% AMI. Si menaj/fanmi w ap viv nan yon inite Kategori 3 (81%-110% nan Revni Medyàn pou Zòn nan), fanmi w ka ogmante revni nou jiska 120% nan Revni Medyàn pou Zòn nan. Si menaj/fanmi w depase 120% AMI, yo p ap elijib pou inite a ankò epi yo pral oblije kite apatman an lè kontra lokasyon an fini.
 - Lwaye a gen dwa ogmante chak ane.
- **Louwe yon kay :** Menaj/fanmi yo pa gen dwa pase kontra pou yon kay abòdab bay yon lòt moun, louwe espas la oswa fè l tounen yon Airbnb nan okenn sikonstans.

Kalandriye tiraj osò a

DAT ENPÒTAN		
	Dat ak lè	Lokal
SESYON REYINYON ENFÒMASYON	<p>Mèkredi 21 jwen 2023 a midi</p> <p>Mèkredi 28 jwen 2023 a 6zè nan aswè</p>	<p>https://maloneyproperties.zoom.us/j/89425238407?pwd=dlR2d3E1cERRMVJLZVks5S0QyQT09</p> <p>Idantifikasyon reyinyon an : 894 2523 8407 Kòd pas la : 802113</p> <p>Ak yon sèl touch sou telefòn mobil ou +16469313860,,89425238407#,,, *802113# US</p> <p>Idantifikasyon reyinyon an : 894 2523 8407 Kòd pas la : 802113</p>
DAT LIMIT POU DEMANN YOI	Mèkredi 19 jiyè 2023 a 14h00	<p>Ou dwe fini ak demann ou a epi soumèt li anvan 14h00 bay :</p> <p>Maloney Properties :</p> <p>Attention: Prospect Union Square Lottery 27 Mica Lane, Wellesley, MA 02481</p> <p>Voye l pa imèl bay :</p> <p>ProspectUnionSquare@MaloneyProperties.com</p>
<p>Demann ki soumèt anreta, ki pa konplè oswa ke w soumèt nan plizyè tranch oswa pa kapti ekran p ap ka patisipe nan tiraj osò a.</p>		

Si w voye demann ou bay yon lòt imèl oswa pa telekòpi, nou p ap ka aksepte l.

TIRAJ OSÒ AK NOTIFIKASYON

1-2 semèn aprè dat limit demann yo

<https://maloneyproperties.zoom.us/j/84178065718?pwd=Ml9kek1oNzVXam9ETHUlcWJPWWFPZz09>

ID pou reyinyon an : 841 7806 5718

Kòd pas la : 262795

Demann sa a dwe rive jwenn Maloney Properties atravè youn nan metòd ki dekri sou paj 8 anvan 14h00 nan dat **mèkredi 19 jiyè 2023**. **Si w voye fòmilè demann ou pa lapòs epi nou resevwa l aprè dat limit la, nou p ap ka aksepte l.** Si w ap voye yon demann pa lapòs, tanpri voye l omwen 1 semèn anvan dat limit demann yo pou asire ke nou resevwa l atan.

Menaj/fanmi ki seleksyone nan tiraj osò a pral ranpli yon pakè enfòmasyon pou sètifikasyon revni yo epi yo pral soumèt dokiman ki nesèsè sou revni, byen ak taks pa yo pou verifye elijibilite pa yo.

Tanpri kenbe pakè enfòmasyon sa a (Paj 1 a 13) paske w gen dwa gen kesyon pandan pwosesis la.

PAKÈ ENFÒMASYON AN FINI LA A

Moun ki gen andikap epi ki bezwen yon èd oswa sèvis ogzilyè pou kominike byen, materyèl ekri nan yon fòm altènatif, oswa yon modifikasyon rezònab onivo politik ak pwosedi yo, pou yo ka aksede pwogram ak aktivite Vil Somerville la oswa pou asiste reyinyon yo, ta dwe kontakte Kowodonatris ADA, Adrienne Pomeroy, nan 617-625-6600 x2059 oswa nan apomeroy@somervillema.gov.

PWOGRAM LÒJMAN ENKLIZIF SOMERVILLE DEMANN ANVAN TIRAJ OSÒ A POU THE PROSPECT UNION SQUARE

NON CHÈ MENAJ/KAY LA _____

Egzijans Revni Anyèl Brit* Ajiste selon tay menaj la				
Kantite moun ki nan kay la	Revni minimòm <i>Kategori 1 (50% AMI)</i>		<i>Kategori 1 (50% AMI)</i>	<i>Kategori 2 (80% AMI)</i>
1	Stidyo	\$32,160	\$51,950	\$51,951 - \$82,950
2			\$59,400	\$59,401 - \$94,800
3	1 chanm	\$32,760	\$66,800	\$66,801 - \$106,650
4	2 chanm	\$36,840	\$74,200	\$74,201 - \$118,450
5			\$80,150	\$80,151 - \$127,950
6	3 chanm	\$40,770	\$86,100	\$86,101 - \$137,450

**Egzijans revni minimòm yo anile pou menaj ki gen yon bon lokasyon mobil (Seksyon 8, MRVP, VASH elatriye)*

Egzijans Revni Anyèl Brit Ajiste selon tay menaj la	
Kantite moun ki nan kay la	<i>Kategori 3 (81%-110% AMI)</i>

1	\$82,951 - \$114,268
2	\$94,801 - \$130,592
3	\$10,6651 - \$146,976
4	\$118,451 - \$163,240
5	\$127,951 - \$176,299
6	\$137,451 - \$189,358

ENSTRIKSYON POU FÒMILÈ DEMANN ANVAN TIRAJ OSÒ A

Fòmilè demann anvan tiraj osò yo dwe soumèt bay Maloney Properties atravè youn nan metòd sa yo anvan :

- Livre demann nan fizikman oswa voye l pa lapòs bay : **Maloney Properties, Inc. Attn: Prospect Union Square Lottery**

27 Mica Lane

Wellesley, MA 02481

(nou dwe resevwa l, kidonk se pa dat pou kache postal la fèt sèlman, anvan dat limit ki endike pi ba a) ;

- Voye pa imèl bay : ProspectUnionSquare@MaloneyProperties.com ; OUBYEN

Si w voye yon demann nan yon lòt adrès ke ProspectUnionSquare@MaloneyProperties.com nou p ap ka aksepte l. Nou p ap aksepte demann ke w voye nan plizyè mòso oswa pa kapti ekran.

- 1) Pa kite okenn kesyon vid san repons. Si kesyon an pa aplikab, tanpri ekri N/A ;
- 2) Asire w ke *tout* adilt yo siyen dènyè paj la ;
- 3) Si w bezwen espas adisyonèl pou bay repons ou, tanpri atache yon oswa plizyè fich adisyonèl.

Se responsablite menaj/fanmi an pou asire ke demann yo konplè lè yo fin soumèt yo. Si w ap soumèt demann ou pa imèl, ou pral resevwa yon avi pa imèl ki konfime resepsyon demann ou.

DAT SOUMISYON DEMANN YO : 14h00 nan dat Mèkredi 19 jiyè 2023

SEKSYON A : ENFÒMASYON SOU MENAJ LA

Bay enfòmasyon kontak sa yo pou Chèf Menaj/Kay la.

Non legal chèf menaj/kay la : _____
Non prefere chèf menaj/kay la (si l diferan de non ofisyèl li) : _____
Adrès aktyèl : _____
Adrès postal : _____
Nimewo telefòn prensipal : (____) _____ Nimewo telefòn altènatif : (____) _____
Adrès imèl : _____

Ranpli epi founi enfòmasyon sa yo pou chak manm nan menaj/fanmi an ki konte viv nan kay la

Non manm nan	Relasyon li avèk chèf menaj/kay la	Laj	Èske moun sa a se yon etidyan aprentan oswa èske li pral yon etidyan aprentan nan pwochen 12 mwa yo ? WI/NON
	Chèf menaj/kay la		

1. Èske yon manm nan menaj la pral nan twazyèm trimès gwosès li oswa pral akouche anvan dat **19/07/23** ?

Wi Non

Tanpri note : Si wi, ti bebe sa a ki pòko fèt ta dwe enkli antanke yon manm nan menaj la nan tablo ki pi wo a epi w dwe enkli yon verifikasyon de yon doktè ki endike ke moun nan pral nan twazyèm trimès li nan moman ke yo pral fè sètifikasyon revni an.

2. Èske gen yon moun ki nan lis pi wo a ki marye legalman ak yon moun ki pa enkli nan demann nan ?

Wi Non Si Wi, ekri non moun nan, adrès li, epi esplike eta matrimonyal aktyèl ou pi ba a. An fonksyon de repons ou, ou gen dwa pral oblije enkli moun sa a antanke yon manm nan menaj/fanmi an pou demann sa a

: _____

3. Èske yon manm nan menaj/fanmi an gen yon kont anbank an komen, yon byen komen oswa yon enterè komen nan yon Byen Imobilye (swa se Ozetazini oswa aletranje) ak yon moun ki pa yon manm nan menaj la ? Wi Non

Si Wi, **enkli byen sa yo nan tablo byen ki afiche nan paj 17-18**. Nou pral pale sou sa a avè w si w seleksyone nan tiraj osò a.

Afiche tout non ki parèt sou byen an komen an epi dekri relasyon an ansanm ak manm menaj/fanmi an :

Mwen sètifye ke kantite moun total ki genyen nan menaj mwen an se : _____

SEKSYON B : ENFÒMASYON JENERAL

1. Nan ki lang ou ta renmen pou Maloney Properties kominike avè w ? _____. Sèvis entèpretasyon yo ka ofri nan lang Nepali, Pòtige, Panyòl, Kreyòl Ayisyen, ak Chinwa - Mandarin oswa Kantonè.

2. Èske w bezwen yon amenajman rezònab ? : Wi Non

Si wi, soumèt yon verifikasyon bezwen de founisè swen sante w ansanm ak demann sa a **anvan** dat limit demann nan.

Tanpri dekri bezwen w pou yon amenajman rezònab : _____

3. Èske yon manm nan menaj/fanmi an gen yon Bon Seksyon 8 kounyeya oswa nenpòt lòt kalite bon pou lokasyon mobil (MRVP, VASH, elatriye) ? Wi Non

Si Wi, ou pral oblije bay yon verifikasyon nan moman sètifikasyon revni an fèt la.

4. Èske gen yon manm nan menaj/fanmi an k ap viv oswa travay apentan (omwen 32èdtan pa semèn) nan Somerville ? Wi Non
5. Èske chèf menaj/kay la se yon etidyan apentan oswa li enskri pou l kòmanse yon etid apentan nan pwochen trimès la ?
Wi Non
Tanpri note byen : Toulede chèf menaj yo pa kapab etidyan apentan ; Demandè yo dwe founi yon verifikasyon ki sòti dirèk nan etablisman an.
6. Èske gen yon manm nan menaj ou a ki anplwaye dirèkteman pa Maloney Properties oswa pa CPC-T Inner Belt, LLC ?
Wi Non
Pa gen okenn preferans nan tiraj osò a si ou menm oswa yon manm nan menaj ou ap travay pou youn oswa lòt nan konpayi sa yo. Nou jis mande w pataje enfòmasyon sa yo sèlman.
7. Kòman w te fè tande pale de opòtinite sa a ? Listserv Lòjman Enklizif la Sit wèb Vil la Yon flyèz Yon journal Yon zanmi/fanmi Rezo sosyal yo Rechèch sou Entènèt Lòt _____
8. Èske w gen kredi finansyè ? Wi Non Si Wi, endike nivo « score » kredi w : _____
Egzijans kredi yo fikse pa devlopè a kòm yon pati nan pwosesis depistaj pou demann lokasyon yo.
9. Konbyen kòb ou peye pou lwaye w chak mwa (san w pa enkli fakti kouran, dlo, elatriye) ? : _____
Konbyen chanm akouche ou genyen ? : _____
10. Èske w ta renmen pou adrès imèl ou enkli nan Listserv Lòjman Enklizif la pou w ka resevwa notifikasyon konsènan opòtinite pou lokasyon an acha kay abòdab fiti atravè Pwogram Lòjman Enklizif Vil Somerville la ? Wi Non
Tanpri kwoche Non pou kesyon sa a si w deja ap resevwa notifikasyon sa yo.

Kesyon sa yo opsyonèl epi ou pa oblije reponn yo pou w patisipe nan tiraj osò a :

Èske w gen yon machin ? Wi Non

Èske w bezwen yon pèmi pakin rezidansyèl ? Wi Non

Si w reponn Wi pou toulede kesyon pi wo yo, tanpri esplike poukisa w bezwen yon pèmi pakin rezidansyèl.

Ki gwoup etnik chèf menaj/kay la ? Ispanik/Latino Pa Ispanik/Latino

Ki ras chèf menaj/kay la oswa ko-chèf menaj/kay la ? Tanpri kwoche tout repons ki aplike yo :

Afwo-Ameriken Amerendyen/Endijèn Alaska Azyatik Mwayèn Oryan/Nò-Afriken

Endijèn Awayi/Yon lòt zile nan Oseyan Pasifik la Blan Nwa Mawon De (2) oswa plizyè ras

Lòt : _____

Ki peyi orijin chèf menaj/fanmi an oswa ko-chèf menaj/fanmi an (kesyon sa a opsyonèl) ? : _____

SEKSYON C : REVNI AK BYEN

Enfòmasyon sou revni – Ekri tout revni tankou Peman pa èdtan, Salè, Poubwa, revni endepandan, Antrèd/Avantaj TAFDC, Sekirite Sosyal, TANF, SSI, Pansyon, Reminerasyon pou Andikap, Reminerasyon pou Chomaj, Pansyon alimantè, Pansyon pou sipòte timoun, Peman militè, Pansyon, Avantaj pou lamò, Travay sezonnyè/djòb ak evènman inik, elatriye.

Konsidere epi endike tout chanjman nan revni menaj ou a antisipe genyen pandan pwochen 12 mwa yo paske sa a gen dwa gen yon enpak sou elijibilite w sou baz revni w. Si w pa fin asire, ou ta dwe pale ak Resous Imen/Manadjè Biwo

a/Reprezantan Sendika a konsènan yon ogmantasyon, boni, lè anplis, chanjman nan orè travay ou, Ajisteman pou Kou Lavi a (COLAS), elatriye ke w pa t antisipe.

Manm menaj/fanmi an	Sous revni an (Ajoute anplwayè/kontra a)	Revni <u>brit</u> anyèl
	Non anplwayè a	
	Non anplwayè a	
	Non anplwayè a	
	Non anplwayè a	
	Non anplwayè a	
	Non anplwayè a	
	Non anplwayè a	
	Anpwla endepandan (Non/kontra) :	
	Anpwla endepandan (Non/kontra) :	
	Anpwla endepandan (Non/kontra) :	
	Anpwla endepandan (Non/kontra) :	
	Anpwla endepandan (Non/kontra) :	
	Anpwla endepandan (Non/kontra) :	
	Sipò pou timoun	
	Sipò pou timoun	
	Sipò pou timoun	
	SS(DI)/TAFDC	
	SS(D)I/TAFDC	
	SS(D)I/TAFDC	

	SS(D)I/TAFDC	
	Asirans chomaj	
	Asirans chomaj	
	Asirans chomaj	
	Pansyon	
	Pansyon	
	Pansyon	
	Lòt	
	Lòt	
	Lòt	
	Enterè sou byen w	
	Enterè sou byen w	
	Enterè sou byen w	
Revni brit anyèl total pou tout menaj la :		

1) **Dekri tout chanjman antisipe nan revni w pandan pwochen 12 mwa yo**** (travay sezonyè, chanjman nan èdtan w ap travay, ogmantasyon, boni, pèt travay, chanjman djòb, pwomosyon, ajisteman pou kou lavi a, elatriye.). Pou chak chanjman, esplike kantite lajan chanjman an pral reprezante epi dat antisipe a. Atache yon fèy anplis si nesèsè. **Si w pa divilge yon chanjman antisipe nan revni w, sa a gen dwa gen yon enpak sou elijibilite w sou baz revni w nan moman sètifikasyon revni w.** Atachi fèy adisyonèl si nesèsè.

****Ou dwe reponn kesyon sa a pou demann ou konsidere kòm konplè. Si w pa antisipe okenn chanjman nan revni w, ou ka ekri N/A**

Enfòmasyon sou byen yo - Dekri byen tout manm menaj/fanmi an pi ba a. Enkli tout kont anbank (epay ak kouran), asirans lavi, aksyon ak obligasyon, kont retrèt, kont epay pou etid, byen imobilye, deviz anliy (Bitcoin, elatriye), aplikasyon peman (PayPal, Venmo, elatriye), kit se Ozetazini oswa aletranje, elatriye.

Demandè yo dwe divilge tout kont an komen yo genyen avèk yon konjwen/manm fanmi/menaj la ki absan.

Non manm menaj/fanmi an/yo (Ki se yon pwopriyete de kont lan)	Kalite byen an (kouran, retrèt) ak dènye 4 chif nan Nimewo Kont li	Non etablisman finansyè a	Valè byen an aktyèlman
Montan total de byen sou restriksyon (IRA, 401(k) 403(b), elatriye.) :			
Montan total pou tout byen menaj/fanmi an :			
<p>1) Èske yon manm nan menaj/fanmi an gen byen oswa kont nan yon lòt peyi ? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <i>Si wi, tanpri divilge byen sa yo nan tablo ki pi wo a.</i></p> <p>2) Èske nenpòt manm nan menaj/fanmi an te fèmen yon kont pandan 12 dènye mwa yo ? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <i>Si wi, tanpri pataje nimewo kont yo ak non bank yo isit la _____</i></p> <hr/> <p>3) Èske yon manm nan menaj/fanmi an gen yon Byen Imobilye oswa yon <u>enterè komen</u> nan yon byen imobilye ke l genyen aletranje ? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <i>Si Wi, endike adrès la : _____</i> <i>Tanpri endike non moun nan, etablisman finansyè a, nimewo kont yo ak adrès yo pou nenpòt kont ak/oswa byen imobilye ke w genyen an komen tou</i></p> <p>4) Èske gen yon moun nan menaj/fanmi w ki konte resevwa yon don de yon moun ki andeyò menaj la, tankou pou kou lansman yon biznis ? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <i>Si wi, tanpri endike montan lajan ke lpanse resevwa a : \$ _____</i></p> <p>5) Èske w te vann, transfere oswa fè kado nenpòt byen reyèl oswa byen finansyè pandan dènye twa (3) zan yo nan Etazini an oswa aletranje ? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <i>Si wi, endike montan an ak dat vant/transfè a : _____</i></p> <hr/> <p>6) Èske w konte resevwa yon gran don finansyè oswa yon gran kantite lajan pandan pwochen 12 mwa yo ? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <i>Si wi, ki montan li ye epi pou ki rezon w ap resevwa lajan sa a : _____</i></p> <hr/>			

Atachi fèy adisyonèl si nesèsè.

Èske yon manm nan menaj/fanmi an ap viv Somerville ? Wi Non

Èske yon manm nan fanmi/menaj la ap travay apentant (omwen 32èdtan pa semèn) nan Somerville ? Wi
Non

Ou pral oblije bay yon verifikasyon nan moman sètifikasyon revni an epi li dwe ajou (pa plis ke 30 jou) anvan dat limit demann yo (19/07/23). Pi ba a w ap wè dokiman ki akseptab pou w ka resevwa yon preferans nan Somerville.

Nou pral bay yon preferans pou menaj ki founi yon verifikasyon ajou (dat la dwe mwens ke 30 jou anvan [19/07/23]) ki endike ke l ap viv oswa travay apentant fizikman nan vil Somerville (omwen 32èdtan pa semèn). Verifikasyon (tankou fakti, kontra lokasyon, elatriye) **dwe konplè epi tout paj yo dwe la.**

Prèz rezidans lan gen dwa enkli :

- Yon kontra lokasyon aktyèl ki siyen ; **OUBYEN**
- Yon lèt notarye nan men yon pwopriyete ki konfime ke l posede kay la epi ke demandè a se yon lokatè nan kay la ; **OUBYEN**
- Yon fakti dlo, kouran, gaz, elatriye avèk yon dat aktyèl. Pa itilize dat fakti a dwe peye a ; **OSWA**
- Yon relve bankè/kat kredi/fakti televizyon ki gen yon adrès Somerville sou li ak yon dat aktyèl ; **OUBYEN**
- Yon prèz anrejistreman pou vote ki aktyèl, ki montre dat enskripsyon an fèt pa plis ke 30 jou anvan dat limit pou soumèt demann yo.

Prèz anplwa nan vil Somerville gen dwa enkli :

- Yon lèt nan men anplwayè ou ki siyen epi ki gen yon dat sou li ki ekri sou antèt konpayi a ki enkli adrès Somerville kote w ap travay la EPI kantite èdtan w ap travay chak semèn nan Somerville ; **OUBYEN**
- Yon fich peman ki montre adrès Somerville kote w ap travay EPI kantite èdtan w te travay pandan peryòd peman an..

Menm si w gen yon biznis nan Somerville, sa a *pa* vle di ke w ap travay la. Mèt biznis yo dwe founi yon verifikasyon ke yo se mèt biznis la, yon fakti resan ki konekte non pwopriyete a ak adrès biznis ki nan Somerville la **EPI** yon fich peman resan ki endike kantite èdtan w te travay **OUBYEN** si fich peman yo pa disponib, yon afidavi notarye ki konfime kantite èdtan w ap travay chak semèn nan biznis Somerville la.

Preferans pou yon travay nan Somerville pa gen dwa fèt pou yon menaj/fanmi ki founi yon espas ko-travay antanke verifikasyon anplwa yo a nan Somerville.

SEKSYON E : SELEKSYON INITE A

Endike nan ki tiraj osò ou ta renmen enkli (yo), sou baz kantite moun ki genyen nan menaj/fanmi w epi egzijans revni yo (ou ka seleksyone plis pase yon tay inite). Tanpri note byen ke w dwe gen omwen yon moun pou chak chanm akouche sòf si w gen yon andikap oswa yon bezwen medikal pou w gen yon chanm akouche anplis ki dwe dokimante aprè tiraj osò a. Si w di ke w gen yon bezwen medikal pou w jwenn yon chanm akouche anplis men w pa ka dokimante l, nou prale mete w anba nan tout lis atant yo.

Stidyo : _____ 1 chanm : _____ 2 chanm : _____ 3 chanm : _____
 (Tay menaj la dwe omwen 2 moun) (Tay menaj la dwe omwen
 3 moun)

Menaj yo pral òganize nan tiraj osò ki endike yo sou baz revni ak elijibilite a parapò ak tay menaj la. **Menaj ki endike yon tiraj osò ke yo pa elijib pou patisipe ladan an pral ajoute nan tout tiraj osò ke yo elijib pou yo patisipe ladan.**

Maloney Properties pral mete demandè yo okouran de elijibilite yo pou patisipe nan yon tiraj osò baze sou enfòmasyon ke yo founi nan demann nan. Maloney Properties pral bay yon avi resepsyon de demann nan pa imèl oswa lapòs estanda nan yon delè de (2) semèn apati dat yo resevwa yon demann. Demandè k ap patisipe nan tiraj osò a pral resevwa yon idantifyan inik anvan dat tiraj osò a.

SEKSYON F : LIS VERIFIKASYON DEMANN ANVAN TIRAJ OSÒ A

Èske ou te...

1. Reponn ak tout kesyon yo san w pa t kite okenn espas vid ? Wi Non
2. Enkli *tout adilt* ki fè pati menaj ou nan demann nan ? Wi Non
3. Divilge tout revni ak byen w nan Etazini epi aletranje ? Wi Non
Si w reponn Non, enkli byen sa yo nan Seksyon C de demann ou.
4. Enkli epi dekri chanjman ke w atann onivo revni w pandan pwochen 12 mwa yo ? Wi Non
Si w reponn Non, dekri tout chanjman antisipe nan revni w.

SEKSYON G : APÈL

Detèminezon elijibilite a ki fèt anvan tiraj osò a pa Maloney Properties baze ou prensip swivan sa yo : 1) si w te soumèt yon fòmilè demann ki konplè ; 2) Si kantite moun ki fè pati menaj/fanmi w apwopriye pou Inite ke w ap mande a ; 3) Si gen yon revni ki nan limit elijibilite estanda pou Inite sa a, baze sou rapò ke menaj/fanmi a endike sou fòmilè demann nan. Divizyon Lòjman an te adopte definisyon « Revni Anyèl » ki nan 24 CFR 5.609 Pati 5 de Depatman Lòjman ak Devlopman Iben Etazini an, ki antisipe revni brit, ki gen ladan l revni de tout kalite byen posede, pandan pwochen 12 mwa yo. Pèsonèl yo fè yon kalkil de done ke menaj/fanmi yo soumèt pou revni manysèl yo a pou yo ka detèminen revni anyèl la, epi yo konpare revni sa a ak limit revni ki elijib pou Inite a.

Se responsablite demandè a pou bay enfòmasyon ki korèk epi pou fin ranpli tout fòmilè demann nan anvan dat limit la. Si gen yon erè ki te fèt ki te afekte elijibilite demandè a pou patisipe nan tiraj osò a, demandè a gen senk (5) jou travay apati dat yon imèl/ywit (8) jou travay apati dat yon lèt konsènan inelijibilite a pou korije erè/divèjans lan ansanm ak Maloney Properties, epi pou fè sa a li dwe reponn ak imèl la oswa lèt la. The correction must include specific terms (for example, inclusion of income sources no longer received, forgotten household members, questions left blank or assumptions made in the calculation). Menaj yo gen dwa fè koreksyon an tou si yo founi yon demann ki mizajou ki gen chanjman yo avèk inisyal demandè a ak dat la.

SEKSYON H : NOTIFIKASYON

Tout enfòmasyon ke w bay isit la pral trete nan yon manyè ki konfidansyèl epi biwo nou an pral itilize yo pou detèminen elijibilite w pou aksede opòtinite lokasyon abòdab sa a atravè Pwogram Lòjman Enklizif Somerville la. Demandè yo konprann ke, si yo seleksyone, Maloney Properties pral egzije yon verifikasyon revni ak byen ki konplè. Sa a vle de demandè yo, si yo seleksyone, dwe bay Maloney Properties dokiman ak lòt verifikasyon de tout enfòmasyon ki gen rapò ak revni pa yo, byen pa yo, ak manm ki nan menaj/fanmi yo a. Demandè sa a sètifye tout enfòmasyon ki nan demann nan kòm vre epi korèk selon meyè konesans ak kwayans li. Mwen rekònet epi m bay konsantman mwen pou m pataje enfòmasyon konsènan menaj/fanmi m nan ansanm ak Biwo Estabilite Lòjman an, Depatman Lasante ak Sèvis Imen yo epi lòt Depatman Vil Somerville yo si gen bezwen. Mwen otorize Maloney Properties pou l kontakte pati tyè pou verifye eta preferans Somerville mwen epi revni mwen pou detèmine nan ki tiraj osò pou yo mete m.

Mwen te li epi m konprann egzijans demann yo ak dat limit yo jan yo dekri pi wo a. Mwen sètifye sou pèn pèji ke tout enfòmasyon mwen te bay la vre epi korèk. Mwen konprann ke si m bay yon fo enfòmasyon oswa yon fo deklarasyon, yo gen dwa twouve m inelijib pou patisipe nan Pwogram Lòjman Enklizif Vil Somerville la.

_____	_____	_____
Ekri non chèf menaj/fanmi an	Siyati chèf menaj/fanmi an	Dat la
_____	_____	_____
Ekri non ko-chèf menaj/fanmi an	Siyati ko-chèf menaj/fanmi an	Dat la
_____	_____	_____
Ekri non lòt adilt la	Siyati lòt adilt la	Dat la
_____	_____	_____
Ekri non lòt adilt la	Siyati lòt adilt la	Dat la
_____	_____	_____
Ekri non lòt adilt la	Siyati lòt adilt la	Dat la